ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№10-11 (23.419) ● 2017 гъэм щIышылэм (январым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Москва щыIущIащ Урысейм и Пенсэ фондым и Правленэм и УнафэщI Дроздов А. В.



**Москва лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и Правленэм и УнафэщI Дроздов Антонрэ.**

АХЭР тепсэлъыхьащ республикэм и щIыналъэм и цIыхухэр пенсэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, социальнэ программэхэр ягъэзэщIэным, социальнэ IуэхутхьэбзэщIэ къэрал IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэм зегъэужьыным хуаутIыпщ субсидиехэм ахъшэ къызэрыхалъхьэну, мылажьэ пенсионерхэм псэуныгъэкIэ щхьэхуэ-щхьэхуэу зэрадэIэпыкъуну щIыкIэм ехьэлIа Iуэхухэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къитащ УФ-м и Пенсэ фондым и пресс-IуэхущIапIэр и гъусэу.*

## КIуэкIуэ Юрий Шаймиев Минтимер ехъуэхъуащ ар илъэс 80 зэрырикъумкIэ



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм Instagram-м щиIэ напэкIуэцIым щехъуэхъуащ Тэтэрстан Республикэм и япэ Президенту щыта Шаймиев Минтимер:

«ПщIэ зыхуэсщI Минтимер Шарип и къуэ! Си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи юбилеймкIэ, узыншагъэ быдэ, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ уиIэну си гуапэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Тэтэрстанымрэ илъэс куэд хъуауэ яку дэлъщ зэныбжьэгъуфI зэпыщIэныгъэхэр. Абыхэм я лъабжьэр 90 гъэхэм я пэщIэдзэм зыгъэтIылъар Уэрэ ди республикэм и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий Мухьэмэд и къуэмрэщ. Аращ зи фIыгъэр Iуэху зэдэщIэнкIи щэнхабзэ и лъэныкъуэкIи диIэ хъуа лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщыну сыхуейт урысей къэралыгъуэр гъэбыдэным, ди къэралым и зэкъуэтыныгъэмрэ ар зыуэ щытынымрэ хъумэным уэ хуэпщIа хэлъхьэныгъэшхуэр», - итщ хъуэхъу тхыгъэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Мы махуэхэм ягъэлъапIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсибл зэрырикъур. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. щIыналъэм и унафэщIхэми абы щыпсэу псоми ехъуэхъуащ а махуэмкIэ

«Мы махуэхэм догъэлъапIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсибл зэрырикъур. БлэкIа илъэсхэр щыхьэт техъуащ псоми ди зэхуэдэ социально-экономикэ къалэнхэр зэгъусэу зэфIэхыным ди къару зэхэт етхьэлIэн зэрыхуейр. Къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ щIыналъэм и унафэщIхэу Хлопонин Александр, Меликов Сергей, Белавенцев Олег сымэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытагъыр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуащIа хэлъхьэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гугъу пщIымэ, республикэм нобэ щыIэщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса, зыужьыныгъэм хуэунэтIа программэ нэхъыщхьэхэр гъэзэщIа хъунымкIэ Iэмал псори.

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу псоми сохъуэхъу а махуэ лъапIэмкIэ, мамырыгъэ, фIыгъуэ, зэIузэпэщыгъэ яIэну си гуапэщ», - итщ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэм зэрызахуигъазэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

## 2017 гъэм даIыгъын папщIэ

УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Фомичев Олег нэхъыжьу щысу Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ 2017 гъэм щIыналъэхэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ къэралым диIыгъын папщIэ федеральнэ бюджетым и субсидиехэр зыхуаутIыпщыну унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэщIылIауэ унэтIыныгъэ зыбжанэ пхырыкIащ. Ахэр ехьэлIащ щIалэгъуалэ инновацэ творчествэм и центрхэр гъэлэжьэным, «зы щхьэгъубжэ» хабзэм тету Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэщIэныр къызэгъэпэщыным, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэр дэIыгъыным.

Къащта программэм щыубзыхуащ хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымрэ дэIыгъыным хуэунэтIа мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэу 20-м щIигъу.

Апхуэдэ программэр зэрагъэзащIэм и фIыгъэкIэ илъэс къэс щIэгъэкъуэн ягъуэт хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэу мин 200-м нэблагъэм.

*УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэ.*





## Къэрал дэIэпыкъуныгъэ ялъысынущ

**УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щызэхуахьэсащ федеральнэ мылъкум къыхэкI субсидиехэр щIыналъэ бюджетхэм зэрыратынум пыщIа тхылъхэр. Абыхэм япкъ иткIэ, къэрал дэIэпыкъуэгъуэр ялъысынущ хьэрычэтыщIэ Iуэху мыин, курыт зезыгъакIуэхэм.**

СУБСИДИЕХЭР зыхуэдизынумрэ зыхухахыну унэтIыныгъэхэмрэ щытепсэлъыхьащ иджыблагъэ Москва къалэ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIа зэIущIэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу абы хэтащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Белецкая Ольгэ. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Фомичев Олег. Абы и гугъу щащIащ 2017 гъэм федеральнэ мылъкум щыщу субсидие зыхухахыну хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм ехьэлIауэ УФ-м и щIыналъэхэм щекIуэкIыну Iуэхугъуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым папщIэ мыпхуэдэ унэтIыныгъэхэм арэзы техъуащ:

- ЩIыналъэ микрофинанс IуэхущIапIэ къызэгъэпэщыныимрэ и лэжьыгъэр зэтеублэнымрэ;

- ЩIалэгъуалэ инновацэ зэчиймкIэ центрхэр къызэгъэпэщынымрэ я лэжьыгъэр зэтеублэнымрэ;

- ХьэрычэтыщIэ Iуэху мыинхэр, курытхэр къызэгъэпэщын, зегъэужьын, абыхэм ядэIэпыкъун папщIэ IуэхутхьэбзэхэмыщIэ IэнатIэхэр къызэIухыныр.

*ФщIэн папщIэ:* УФ-м и Правительствэм и унафэм ипкъ иткIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэху мыинхэр, курытхэр дэIыгъын папщIэ субсидие зратыну щIыналъэхэр зэпеуэкIэ къыхахакъым. Абы хэгъуэгухэм ахъшэ зэраIэрыхьэ пIалъэр игъэкIэщIынущ.

ХьэрычэтыщIэ Iуэху мыинхэмрэ курытхэмрэ щIалэгъуалэ хьэрычэтыщIэ Iуэхухэмрэ иратыну субсидиехэр зэрызэрапхам къыхэкIыу УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм ягъэхьын хуей дэфтэрхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Абы Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынш ещI.

**КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.**



● КъБР-м и Парламентым

## Iуэхухэр зэтеублэным теухуауэ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щытепсэлъыхьащ.**

ДЕПУТАТХЭР хэплъащ «ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэнымкIэ фондым теухуауэ» Федеральнэ Хабзэр зэрылэжьэну пIалъэм иджыри къыщIагъуну УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий зэрызыхуагъэзэнум и проектым. Абы къыщыгъэлъэгъуа лъэIур нэхъыбэу зэхьэлIар кхъахэ хъуа унэхэм (2012 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIэ апхуэдэу къалъытахэм) цIыхухэр къыщIагъэIэпхъукIыным трагъэкIуэдэным хухахауэ УФ-м и щIыналъэхэм ахъшэ яхуиутIыпщыныр къызэтемыгъэувыIэнырщ.

КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iэмалым хуэкIуэн хуей щIэхъуар 2012 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIи кхъахэу къалъыта унэхэм я бжыгъэр зэрыкуэдырщ икIи абыхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным текIуэдэну мылъкур къэралым и щIыналъэхэм зэрахуэмыгъэкъаруунурщ.

- Дэ дызэреплъымкIэ, ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэнымкIэ фондым и пIэкIэ нэгъуэщI апхуэдэ IуэхущIапIэ щымыIэнумэ, унэ кхъахэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным хуэунэтIауэ зэтедубла лэжьыгъэр къызэпыуда хъунущ. Апхуэдэу къэмыхъун щхьэкIэ, тфIэкъабылщ мы Iуэхум иджыри зэ хэплъэжыну УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым лъэIукIэ зыхуэдгъэзэну, - жиIащ Гриневич Валерий.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ «Жылагъуэм и лIыкIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием зэрыхагъэхьэ щIыкIэм теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и 2-нэ, 3-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIа проектыр.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и музей фондымрэ щIыналъэм и музейхэмрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Хабзэм къару имыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ» КъБР-м и Хабзэм и проектым. Дэфтэрыр ягъэхьэзыращ «Урысей Федерацэм и музей фондымрэ къэралым щылажьэ музейхэмрэ ятеухуауэ» Федеральнэ Хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» Хабзэр 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м къызэращтам ипкъ иткIэ.

Федеральнэ Хабзэм къару игъуэтмэ, музей фондым хагъэхьа хьэпшыпхэр къызэрапщытэмрэ зэрахъумэ щIыкIэмрэ зы хабзэм тетынущ. Iуэхум елэжьыжа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм иджыри зэ щыхэплъэжыну къагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэм хэтахэр арэзы техъуащ Тохъутэмыщ Мухьэмэд (Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и унафэщI), Слепушкин Виталий (Осетие Ищхъэрэ-Алание къэрал медицинэ академием и къудамэм и унафэщI, КИФЩI-м и анестезиолог-реаниматолог нэхъыщхьэ), Даур Нусэ (лэжьыгъэм и ветеран) сымэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратыну ящIа унафэм.

КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Кривко Михаил** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым Iулъхьэм зэрыщыпэщIэтыр» КъБР-м и Хабзэмрэ 2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «ЦIыхубэ шынагъуэншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ хабзэр къызэпемыгъэудынымкIэ егъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэр» КъБР-м и къэрал программэмрэ гъэзэщIа зэрыхъум.

- Iуэхум теухуауэ щыIа щыщIэныгъэхэр къэтлъытэжри, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и прокуратурэм, МВД-м, районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэхэм я IэнатIэхэм зэлэжьыпхъэхэр къыщыгъэлъэгъуа чэнджэщхэр едгъэхьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ дубзыхуа Iэмалхэр къосэбэп, - жиIащ Кривко Михаил.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Парт Iуэху

## «Урысей зэкъуэтыр» илэжьам ироплъэж

**ЩIышылэм и 21 - 22-хэм Москва щекIуэкIынущ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и XVI къэпщытэныгъэ-хэхыныгъэ зэхуэсыр. Абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. Абы щыхэплъэжынущ илъэситху зэкIэлъыкIуэм партым зэфIихам, адэкIэ ялэжьыну я мурадхэми тепсэлъыхьынущ.**

ПЛЕНАР зэIущIэм доклад щищIынущ партым и Iэтащхьэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий.

- Партым и къудамэхэм хэтхэм, IэщIагъэлIхэм, Правительствэм и лэжьакIуэхэм ящIыгъуу зэхуэсым и япэ махуэм дызэхыхьэнурэ, зэфIэдгъэкIамрэ дяпэкIэ дызэлэжьынухэмрэ гупиблым я зэIущIэхэм дыщытепсэлъыхьынущ, - жиIащ Совет Нэхъыщхьэм и унафэщI Неверов Сергей. - ЗэIущIэхэм щхьэж и фIэщыгъэ яIэжынущ, къыщаIэт упщIэхэр къигъэлъагъуэу: «Къэралым и фIагъыр», «Зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ я экономикэ», «ЩIэныгъэ къарурэ щэнхабзэ пэрытрэ», «ГъащIэ узыншэ», «ПсэукIэм и политикэ», «Уи унагъуэм щынэхъыщхьэр», «Мэкъумэш къэралыгъуэ».

Дэтхэнэми я лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, я псалъэмакъым кърикIуахэмрэ къыхалъхьа унафэхэмрэ Партым и УнафэщIым и пащхьэ иралъхьэжынущ.

Зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэхэм хеубыдэ партым и Iэтащхьэхэр хэхыныр – Совет Нэхъыщхьэмрэ Генеральнэ Советымрэ хэтынухэр, партым и УнафэщIыр, къэпщытакIуэ комиссэм и тхьэмадэр. Абы и пэ къихуэу мы IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я зэIущIэ екIуэкIын хуейщ.

Совет Нэхъыщхьэм хэтынухэр жылагъуэ, политикэ узэщIакIуэхэм ящыщщ.

- Губернаторхэм я къудамэм утепсэлъыхьмэ, нэхъ лэжьыгъэфI езыгъэкIуэкIа щIыналъэ Iэтащхьэхэращ абы хиубыдэнур, - къыхигъэщащ Неверовым. - Генеральнэ советым хэтынухэри (цIыхуи 170-рэ) апхуэдэ щIыкIэкIэ зэхашэну аращ. ЛэжьакIуэхэм я процент 15-р зэрахъуэкIыу иджыри къэс къекIуэкIащ. Ауэ иджыпсту Генсоветым щыщу цIыху 50-м нэс яхъуэжыну къыщIэкIынущ. КIэщIу жыпIэмэ, процент 15 мыхъуу, процент 50-кIэ дыхэIэбэнущ. КъищынэмыщIауэ, Къэрал Думэм и депутатхэм, Федерацэм и Советым хэтхэм, парт лэжьыгъэм пэрытхэм ящыщу Генсоветым хагъэхьэнухэм яхэплъэнущ.

А псори зэрызэфIэкIыу, Генсоветым и зэIущIэ зэхашэнущ, абы и унафэщIымрэ Президиумымрэ ягъэбелджылыну.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

## IэнатIэр ирагъэфIакIуэ

**ЦIыхубэ транспортым и лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Налшык къалэ администрацэм нэгъабэ иригъэжьа Iуэхум адэкIи пащэнущ.**

МЫ IУЭХУМ сом мелардым нэс текIуэдэну трагщIыхь.

Ди къалащхьэм цIыхубэ транспортхэм щызэпащIэ гъуэгуанэр километр 416-м нос. Гулъытэ нэхъ зыхуащIынур троллейбусхэращ, щIыуэпсым зэран зэрыхуэмыхъур, цIыхухэм я дежкIэ зэрынэхъ тыншыр, езым текIуадэр зэрымащIэр къалъытэу. Иужьрей илъэситI зэкIэлъыкIуэм къащэхуа «Мегаполис» зэпэщхэр хэмыту, адрей троллейбусхэм я процент 60-м щIигъур къызэрагъэсэбэпын хуей пIалъэм фIишащ.

ЦIыхубэ транспортым и Iуэхур егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэр 2018 гъэм ехъулIэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

## Зэхуэс купщIафIэхэр

● ЩIэныгъэ

**Илъэс 20-м нэсауэ ди къэралым щагъэлъапIэ ЩIэныгъэм и махуэр. 1999 гъэм УФ-м и Президентым и УнафэкIэ ягъэувауэ щыта а махуэшхуэр хэкум и дэтхэнэ щIыналъэми щаIэт, щIэныгъэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр къапщытэжу, мурадыщIэхэр яубзыхуу.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМИ щекIуэкIынущ щIэныгъэм и махуэр гъэлъэпIэным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэр. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мазаем и 1-м къыщыщIэдзауэ и 8 пщIондэ къыщызэрагъэпэщыну Iуэхугъуэхэр. «ЩIэныгъэм и тхьэмахуэ-2017» фIэщыгъэр иIэу еджапIэ нэхъыщхьэм къыщызэIуахынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я инновацэ проектхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Апхуэдэу республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щекIуэкIынущ «Бжэ зэIухахэм я махуэхэр» Абыхэм ирагъэблэгъэнущ курыт школыр мы гъэм къэзыуххэр, олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм зи зэфIэкI лъагэхэр щызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэр. ЕджапIэхэм я студентхэр яхуэзэнущ щIэныгъэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, дунейпсо, урысейпсо зэпеуэм пашэ щыхъуа къэхутакIуэхэм.

Апхуэдэ зэхуэс купщIафIэхэр сэбэпышхуэ мэхъу щIалэгъуалэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пасэу дегъэхьэхынымкIэ.

**КЪАРДЭН Ритэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## «Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

*«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!*

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Iэ щIэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Iэмал фиIэщ ар вгъэзэщIэужыну.

ЩIышылэм и 28 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфIэрыхьэнущ мазаем и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэр сом 554-рэ кIэпIейкIэ 98-рэщ.

**Ди индексыр 51531**



● IэщIагъэ

## Хэт нэхъ дэрбзэр Iэзэ?

Налшык Промышленность псынщIэмкIэ и колледжым гъатхэпэм и 22-м республикэпсо зэхьэзэхуэ щекIуэкIынущ. Ар теухуащ къыдэкIуэтей щIэблэм псэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэнымрэ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэр гъэлъэгъуэнымрэ.

Ар къызэзыгъэпэщ егъэджакIуэхэм дызэрыщагъэгъуэзамкIэ, мы Iуэхум хэтыну ирагъэблагъэ ди республикэм и курыт школхэм щеджэхэр. Я ныбжьым елъытауэ, ахэр гуп зыбжанэу ягуэшынурэ зэпрагъэуэнущ гуащэхэм щыгъыныгъуэ дахэхэр яхуэдынымкIэ. Ягъэлъэгъуэну щыгъыныгъуэ цIыкIухэр «этно», «арт» щапхъэхэм тету ядын хуейщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



● Юбилей

# Дохутыр цІэрыІуэм и щІыхькІэ

**Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щІышылэм и 18-м щызэхэтащ КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Былымгъуэт Борис илъэс 80 зэрырикъум и щІыхькІэ къызэрагъэпэща, «Иджырей нейрохирургием хуэгъэпса зи чэзу Іуэхугъуэхэр» фІэщыгъэм щІэт щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар къызэгъэпэщыным я гуащІэ халъхьащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, КъБКъУ-м, Республикэ клиникэ сымаджэщым, КъБР-м и нейрохирургхэм я ассоциацэм, нэгъуэщІхэми.**

ЛЭСКЭН щІыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм къыщалъхуа Былымгъуэт Борис курыт еджапІэр къиуха иужь 1959 гъэм Дагъыстэным щыІэ медицинэ институтым щеджащ. 1965 - 1977 гъэхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургие къудамэм нейрохирургыу лэжьэн щыщІидзащ. 1971 - 1976 илъэсхэм нейрохирургиемкІэ щІэныгъэ къэхутакІуэ институту Ленинград дэтым и щІэныгъэ лэжьакІуэу щытащ.

Былымгъуэтращ ди республикэм нейрохирургием и лъабжьэр щызыгъэтІылъар. Щхьэмрэ тхы куцІымрэ бэгыгъэ иІэ щыхъум деж операцэ зэрыщІыпхъэр къэзыхутар. ЩІэныгъэ, зэрырагъаджэ-методикэ лэжьыгъэу 90-м щІигъу иІэщ абы.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетым нейрохирургиемкІэ курсым и унафэщІщ, Нейрохирургхэм я Урысей, Европей, Дунейпсо ассоциацэхэм хэтщ, РАЕН-м и действительнэ членщ. 1978 гъэм щегъэжьауэ КъБР-м и нейрохирург нэхъыщхьэщ.

Дохутыр цІэрыІуэм и щІыхькІэ зэхаша зэхыхьэм кърихьэлІат КъБКъУ-м и егъэджакІуэхэр, республикэми абы и адрыщІкІи фІыуэ къыщацІыху дохутырхэр, студентхэр, хирург Іэзэм и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, и ныбжьэгъухэр.

Илъэс 60-м нэблэгъауэ медицинэм хуэлажьэ Былымгъуэт Борис КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Асанэ Алим** щехъуэхъум, республикэм и нейрохирургие ІэнатІэм хуищІа хэлъхьэныгъэ иным и гугъу ищІащ. Былымгъуэтым иригъэджахэм республикэм и медицинэр жыджэру зэрырагъэфІакІуэр, ящыщ куэдыр узэрыгушхуэн дохутыру зэрыщытыр жиІащ абы. КъБР-м и медицинэ ІэнатІэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэ иным, илъэс куэд щІауэ гурэ псэкІэ зэрыхуэлажьэм папщІэ я министерствэм къыбгъэдэкІыу ЩІыхь тхылъ иритащ дохутыр цІэрыІуэм.

Медицинэ факультетым и унафэщІ, профессор **Мизиев Исмэхьил** КъБКъУ-м и ЩІыхь тхылъыр Былымгъуэтым иритри, хъуэхъу гуапэкІэ зыхуигъэзащ нэхъыжьым.

- Ди тхьэмадэ пэрытым теухуауэ сыт хуэдиз жыдмыІэми, КъБР-м и медицинэм абы хуищІа хэлъхьэныгъэр нэсу къытхуэгъэлъэгъуэнукъым, - жиІащ Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Бгъэжьнокъуэ Зурият**.

ЩІэныгъэ-практикэ конференцым Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн куэдым щытепсэлъыхьащ. Апхуэдэу Санкт-Петербург нейроонкологиемкІэ дэт школыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ, профессор **Олюшин Виктор** лыших узым зэреІэзэ ІэмалыщІэхэм теухуауэ къэпсэлъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым лъынтхуэ хирургием зэрызыщиужьам и гугъу ищІащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Аслъэн Ахьмэд**, республикэм и нейрохирургием теухуауэ щытащ **Ибрэхьим Саид** и къэпсэлъэныгъэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



● Шэджэм щІыналъэ

# Псыкъелъэхэм деж

**Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхущІапІэм и унафэщІ КІарэ Элинэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Шэджэм псым и Іуфэ сэмэгур гъэбыдэным хуэгъэзауэ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм лэжьыгъэшхуэхэр щокІуэкІ.**

АХЭР ХОХЬЭ «2012 - 2020 гъэхэм УФ-м и псы-хозяйствэ комплексым зегъэужьын» федеральнэ программэ хэхамрэ «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэн» щІыналъэ программэмрэ щаубзыхуахэм. А Іуэхугъуэхэм псори зэхэту сом мелуани 138-рэ текІуэдэнущ.

Псым и Іуфэхэр километри 4-м щагъэбыдэну къапэщытщ. Мы зэманым ирихьэлІэу лэжьыгъэхэм я Іыхьэ щанэм щІигъур зэфІагъэкІащ.

ІущІапІэр щызэфІагъэувэжкІэ, мывэ-бетон пкъыгъуэ быдэхэр зэрыгъэбыдыхьа, гъущІ хъар ІувкІэ къахухьа габион конструкцэхэр къагъэсэбэп.



Уэшхышхуэ къыщешххэм деж псыр къиууэ зэрыщытам къыхэкІыу, иужьрей илъэсхэм Іуфэхэр щІыпІэ зыбжанэм къыщытІэсхъащ.

Шэджэм ЕтІуанэ - Булунгу щІыналъэ автомобиль гъуэгур ихъумэу, гъущІ-бетон пкъыгъуэхэм къыхэщІыкІауэ псыкъелъэхэм деж Іута блынхэри зэфІагъэувэжащ. 2016 гъэм зи гугъу тщІы автомобиль зекІуапІэр псы къиуам зэхикъутэнкІэ шынагъуэ къэхъуауэ щытащ. А щІыпІэм къегъэщІылІа Іуфэр гъэбыдэжыным теухуа Іуэхухэр зэфІэхыным республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэр псынщІэу яужь ихьащ. Мазэм и кІэм къриубыдэу зэфІагъэкІыну зыхуамурад а лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом мелуани 2,5-рэ хухахащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Іуащхьэмахуэ

# Етхуанэ къыдэкІыгъуэр

**«Іуащхьэмахуэ» журналым и етхуанэ къыдэкІыгъуэр иджыблагъэ къытІэрыхьащ.**

ЖУРНАЛЫМ и «ЖьантІэ» Іыхьэр къызэІуех усакІуэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу ягъэхьэзыра тхыгъэхэмкІэ. Апхуэдэхэщ КхъуэІуфэ Хьэчим и «И тхыгъэхэм дыгъэ нэбзийр хэухуэнат», Елгъэр Кашиф и «Іэдэм теухуа си гукъэкІыжхэр». А Іыхьэм хагъэхьащ усакІуэм хужаІахэм щыщ пычыгъуэхэр, и усэхэр, и Іэдакъэ къыщІэкІа «Щхьэгъубжэ нэху» повестым щыщ пычыгъуэхэр.




«Прозэ» Іыхьэм ихуащ Толстой Лев и «Хьэжмурат» повестым, Елгъэр Кашиф адыгэбзэкІэ зэридзэкІам, щыщ пычыгъуэхэмрэ абы триухуа «Лъэхъэнэхэр къуэпскІэ зэрызэпыщІар» и тхыгъэмрэ.

«Публицистикэ» Іыхьэм фыкъыщеджэну Іэмал фиІэщ НэщІэпыджэ Замирэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрагъэлъапІэм теухуауэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд къыІиха «Лъэпкъ махуэшхуэ» интервьюм. Тхыгъэм зыщыхэвгъэгъуэзэфынущ Адыгэхэм я махуэр къызэрежьам, ар лъэпкъым къызэдищтауэ зэригъэлъапІэм, абы ехьэлІауэ къызэрагъэпэщ Іуэхугъуэ дахэхэм. Жыласэ Заурбэч и Іэдакъэ къыщІэкІа «Олимп лъагапІэм дэкІа адыгэлІхэр», «Рио-де-Жанейрэ хуэзыша гъуэгур», «Бразилием и бэнапІэ утыкухэм», «Хэкум щагъуэта пщІэр» тхыгъэхэр теухуащ ди адыгэ щІалэхэм спортым щызыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм. Жыласэм и тхыгъэхэм зыубгъуауэ къыщигъэлъэгъуэжащ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа Мудрэн Беслъэнрэ Джэду Іэниуаррэ текІуэныгъэм зэрыхуэкІуамрэ ахэр Хэкум зэрыщагъэлъэпІамрэ. КъыжыІапхъэщ, а ди спортсмен пажэхэм я сурэтхэр журналым и жинтым къызэрытехуар.

«Щэнхабзэ» Іыхьэр къызэІуех Яхэгуауэ Берд и «Си къуажэгъу щэджащэхэр» тхыгъэмкІэ. Ар теухуащ Псыгуэнсу (Жанхъуэтхьэблэ) къуажэм къыдэкІахэу Сонэ Мухьэрбий, Къардэн ХьэкІуцэ, Сонэ Башир, Болэ Мурат, Мысостышхуэ Пщызэбий, ШэрыІужь Анатолэ сымэ лъэпкъ щэнхабзэм, театр гъуазджэм хуащІа хэлъхьэныгъэфІхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ щІыхь зиІэ я артист Гуазэ Тимур и творчествэм дихьэххэм Іэмал фиІэщ Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Макъ телъыджэ зиІэ» интервьюм уэрэджыІакІуэр нэхъ гъунэгъуу щызэвгъэцІыхуну.

«Сабийхэм папщІэ» Іыхьэм ихуащ Даур Зое и Іэдакъэ къыщІэкІа «ЛатІиф и пхъуищыр» таурыхъыр.

Журналым и зи чэзу къыдэкІыгъуэр зэхуащІыж Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр» псалъалъэм къыхаха ІыхьэмкІэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**



# «Ди къалэныр фытхъумэнырщ»

**Налшык къалэ щылажьэ «Помоги ближнему» псапащІэ ІуэхущІапІэм и волонтёрхэр хэтащ КъБР-м щыІэ МВД-м иригъэкІуэкІ «Студенческий десант» урысейпсо акцэм. Волонтёрхэр республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэмрэ Налшык и курыт еджапІэ зыбжанэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэмрэщ.**

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМ зыщагъэгъуэзащ Урысей МВД-м Налшык къалэм щиІэ къудамэм Балигъ мыхъуахэм я ІуэхухэмкІэ и ІэнатІэм и лэжьыгъэм. Абы и инспектор Емуз Людмилэ тепсэлъыхьащ унагъуэ хуэмыщІахэм зэрадэлажьэм, хабзэм ебэкъуэнкІэ, щІэпхъаджагъэ зыщІэнкІэ хъуну ныбжьыщІэхэр учётым гъэувыным епхауэ зэфІагъэкІхэм, балигъ мыхъуахэм щІэпхъаджагъэ ямыгъэлэжьыным пыщІа гугъуехьхэм. «Ди къалэныр сабийхэм лей къатезыгъэхьэ гъэпцІакІуэхэм фащыхъумэнымрэ абыхэм фызыхамышэнымрэщ. Аращ жэщмахуэм и сыт хуэдэ зэманми дыщІэлажьэр, къалэм и уэрамхэм балигъ ящІымыгъуу жэщым дэт сабийхэр зэщІыдокъуэ, «нэхъ гугъухэр» учётым догъэуври, адэкІэ абыхэм дадолажьэ», - жиІащ Людмилэ.

Полицэм и лэжьакІуэхэм студентхэм я упщІэхэм жэуап иратащ, иужьым волонтёрхэм зыщаплъыхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и музейм.

***КъБР-м Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ щыІэ министерствэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

# Хуабжьу шэрыуэхэр

● Шабзэ

**Налшык щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым шабзэкІэ нэщанэ еуэным пашэныгъэ къыщыхьынымкІэ зэхьэзэхуэрэ чемпионат зэІухарэ. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэщ КъБР-м СпортымкІэ и министерствэр, ШабзэкІэ нэщанэ еуэнымкІэ и федерацэр, Сабий-ныбжьыщІэ спорт-адаптивнэ школыр. Абы кърихьэлІащ Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэхэм я спортсмен нэхъ лъэщхэр, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэри яхэту.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къызэІуихащ КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн.

Шабзэ къызэрыгуэкІкІэ нэщанэ еуэнымкІэ бзылъхугъэхэм я зэпеуэм щытекІуащ КъБР-м щыщ АбытІэ Маликэ. ЕтІуанэ хъуари ди лъахэгъущ - Къамбий ФатІимэщ. А лІэужьыгъуэмкІэ цІыхухъухэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ Дагъыстэным къикІа Магомедов Магомед. Дыжьыныр къихьащ ди республикэм щыщ ДыщэкІ Азнаур.

Гуп зэпеуэм цІыхухъухэм я деж текІуэныгъэ щызыІэрагъэхьащ КъБР-м и гупым (ДыщэкІ Азнаур, Евдокимов Виктор, Абазэ Къантемыр). ЕтІуанэ увыпІэр къахьащ Дагъыстэным къикІахэм. Ставрополь крайм щыщхэр ещанэщ. Бзылъхугъэхэм я гуп зэпеуэми пашэ щыхъуащ ди республикэм и спортсменхэр (АбытІэ Маликэ, Къамбий ФатІимэ, Мэремкъул Дианэ). Дыжьынри КъБР-м щыщ гуп етІуанэм Іэрыхьащ. Ставрополь къикІахэр ещанэ хъуащ.

Микс зэпеуэм (бзылъхугъи цІыхухъуи зыхэтым) текІуэныгъэ къыщахьащ Дагъыстэным щыщхэм. ЕтІуанэ увыпІэр КъБР-м и командэм иубыдащ. Ещанэри ди республикэм и етІуанэ гупым Іэрыхьащ.

НыбжьыщІэхэм я зэпеуэм текІуэныгъэ къыщихьащ спорт-адаптивнэ школым и гъэсэн Вэрокъуэ Надеждэ. И узыншагъэм сэкъат иІэ пэтми, абы и шабзэшэр метр 12-м нигъэсащ. ЕтІуанэ хъуащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием къикІа Захаренкэ Ольгэ. Ещанэ увыпІэр зэхьэзэхуэм и спортсмен нэхъыщІэ дыдэ Кулюшинэ Янэ Іэрыхьащ.

**УЭРКЪ Жыраслъэн.**

● Гу зылъытапхъэ

# ЩІалэгъуалэ советым хагъэхьэнухэр къыхах

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хъыбар фегъащІэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ советым хагъэхьэнухэм я кандидатхэр иджыри зэратхымкІэ.**

КАНДИДАТХЭМ я тхылъхэр къыІах Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ советым хэтхэм я ІуэхумкІэ положенэм и 5-нэ Іыхьэм и пунктхэу 5.8 - 5.9-хэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету. Ар итщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и официальнэ сайтым (опкбр.рф). Дэфтэрхэр 2017 гъэм мазаем и 13 пщІондэ мы хэщІапІэм щыІахынущ: Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 57-нэ унэ, 3-нэ къат, КъБР-м и Жылагъуэ палатэ.

УпщІэ зиІэхэр мы телефонымкІэ 8-928-707-66-00 псалъэ хъунущ Шэджэмокъуэ Оксанэ и деж.

***КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-ІуэхущІапІэ.***

# Мы махуэхэм

**ЩІышылэм и 21,** *щэбэт*

♦**ІэплІэ зэхуэщІыным и дунейпсо махуэщ**. Ар 1986 гъэм США-м къыщыхалъхьати, абы и хъыбарыр дуней псом псынщІэу щызэлъащІысауэ, къэрал куэдым щагъэлъапІэ.

♦**УФ-м и инженер дзэхэм я махуэщ**. 1701 гъэм Пётр Езанэм Іэ щІидзащ къэралым щыяпэ инженер школ къызэгъэпэщыным теухуа унафэм.

♦**1918 гъэм** Адыгейм Совет властыр щагъэуващ.

♦**1924 гъэм** Ленин (Ульянов) В. И. дунейм ехыжащ.

♦**1934 гъэм** Украинэм и Компартым и XII съездым унафэ щащІащ республикэм и къалащхьэр Харьков ирахыу Киев ягъэІэпхъуэным теухуауэ.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Ставрополь къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1945 гъэм** ЦІыхубэ Комиссархэм я Советым унафэ къищтащ Москва Ботаническэ хадэ къыщызэІухыным теухуауэ.

♦**1954 гъэм** дунейм щыяпэу США-м хьэзыр щыхъуащ атом псыщІагъырыкІуэ кхъухьыр.

♦**1985 гъэм Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан** дунейм ехыжащ.

♦Франджым щыщ дизайнер-модельер, зи ІэдакъэщІэкІхэмкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуауэ щыта **Диор Кристиан** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Совет къэфакІуэ, балетмейстер, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Моисеев Игорь** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Ермэлы композитор, СССР-м и цІыхубэ артист **Бабаджанян Арно** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **ХьэхъупащІэ Хьэжбэчыр** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ, дуней псом щыцІэрыІуэ опернэ уэрэджыІакІуэ **Домингэ Пласидэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Совет, америкэ актёр, режиссёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Нахапетов Родион** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Мэлбахъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **БищІо Борис** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист **Харатьян Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 3 - 1 щыхъунущ.

**ЩІышылэм и 22,** *тхьэмахуэ*

♦**Уэсым и дунейпсо махуэщ**. Къэрал куэдым ар щагъэлъапІэ ЩІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм я махуэ фІэщыгъэр иІэу.

♦**УФ-м и ПВО-м и кхъухьлъатэдзэхэм я махуэщ**

♦**Нартыху гъэпІэнкІам и махуэщ**. МафІэ гуащІэм тет шыуаным нартыху хьэдзэ зыбжанэ ибдзэмэ, уэс Іэтэм хуэдэу къызэрыбырыбым япэу гу лъатащ 1630 гъэм.

♦**1517 гъэм** Мысыр шэрджэс мамлюкхэмрэ тыркудзэмрэ Каир пэмыжыжьэу зэзэуэн щыщІадзащ.

♦**1969 гъэм** КПСС-м и ЦК-м Секретарь нэхъыщхьэ Брежнев Леонид иукІыну хэтащ Совет армэм и сержант нэхъыщІэ Ильин Виктор.

♦Инджылыз усакІуэ **Байрон Джордж** къызэралъхурэ илъэс 229-рэ ирокъу.

♦Сабий тхакІуэ **Гайдар Аркадий** (и унэцІэ дыдэр Голиковщ) къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Совет физик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и академик, Нобель и саугъэтым и лауреат **Ландау Лев** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Талызинэ Валентинэ** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщІу щыта, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **УнащІэ Розэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей актёр, продюсер, нэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Ярмольник Леонид** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 5 - 3, жэщым градуси 10 - 9 щыхъунущ.

**ЩІышылэм и 23,** *блыщхьэ*

♦**ІэкІэ тхэным и дунейпсо махуэщ**. Абы ХьэтІым и махуэкІи йоджэ.

♦**1556 гъэм** Китайм и Шаньси провинцэм щІыр щыхъеящ икІи а гузэвэгъуэм напІэзыпІэм хэкІуэдащ цІыху мин 830-рэ. Дуней къэхъукъащІэм и зэранкІэ апхуэдиз цІыху зэуэ щыхэкІуэда иджыри къэс къэхъуакъым.

♦**1849 гъэм** Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу дохутырым и дипломыр иратащ цІыхубзым. Ар Инджылызым къыщалъхуа, иужькІэ США-р псэупІэ зыхуэхъуа Блэквелл Элизабетт.

♦**1895 гъэм** цІыхум и лъэр япэ дыдэу Антарктидэм теуващ. Ахэр Норвегием щыщ гупт.

♦**1916 гъэм** США-м хыхьэ Монтанэ штатым дуней щытыкІэм зыІэзыбжьэу зыщихъуэжри, хуабэу щыта градуси 7-р щІыІэ градус 49-м хуэкІуат. Апхуэдэ дунейм зэи къыщыхъуакъым.

♦**1924 гъэм** Ленин (Ульянов) Владимир и Мавзолей Москва щыухуэным теухуа унафэ къащтащ.

♦Франджы тхакІуэ цІэрыІуэ **Стендаль** (и цІэ дыдэр Мари-Анри Бейлщ) къызэралъхурэ илъэс 234-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Александров Григорий** (и унэцІэ дыдэр Мормоненкэщ) къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **МафІэдз Сэрэбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, каскадер, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Иншаков Александр** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щоджэн Іэминат** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 1, жэщым градуси 8 - 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Зи щхьэ мыузым уи щхьэ уз хуумыІуатэ.**

● СтІолышхьэ теннис

# КъБР-м икІахэр къыхожаныкІ

**Иджыблагъэ Невинномысск щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм стІолыщхьэ теннисымкІэ и чемпионат. КъБР-м и бзылъхугъэ гупми, цІыхухъухэми етІуанэ увыпІэр абы къыщахьащ. Щхьэзакъуэ зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Буланкинэ Аннэ. ЕтІуанэ увыпІэр Тазий Даринэ Іэрыхьащ. Иджы а тІуми КъБР-м и щІыхьыр Урысей чемпионатым щахъумэнущ.**

ЦІЫХУХЪУХЭМ я деж илъэс 15 зи ныбжь Къуэн Ислъам ещанэ увыпІэр къыщихьащ. Абыхэм тІурытІу зэпеуэхэм я деж дыщэ медаль къыщытхуихьащ Ацкъан Артур. Ар джэгуащ Ставрополь щыщ Фараджиев Ярослав и гуэгъуу. А зэпеуэм ещанэ щыхъуащ Унэжокъуэ Альбертрэ Къуэн Ислъамрэ.

Бзылъхугъэхэр тІурытІу зэгъусэу щызэхьэзэхуа кІэух зэпеуэм ди республикэм и спортсменхэр щытекІуащ. Тазий Даринэрэ Хъыдзэдж Беллэрэ япэ увыпІэр, Тетюнниковэ Дианэрэ Гуэбэшы Даянэрэ етІуанэр къахьащ.

ЦІыхухъурэ бзылъхугъэрэ щызэгуэт зэпеуэм етІуанэ увыпІэр щызыІэрагъэхьащ Ацкъан Артуррэ Тазий Даринэрэ. Унэжокъуэ Альбертрэ Тетюнниковэ Дианэрэ, Къуэн Ислъамрэ Гуэбэшы Даянэрэ ещанэ хъуахэщ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІа ди спортсменхэм я тренерщ Унэжокъуэ Альберт, Темыркъан Заур, Тазий Руслан, Дэхъу Артур сымэ.

**НАФІЭДЗ Мухьэмэд.**




● Псалъэжьхэр

# Изрэ някъуэрэ зэрыщIэркъым

♦Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
♦Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсщ.
♦Гугъу уехьу къэблэжьыр IэфIщ.
♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Къуажэ зиIэ нэхърэ Iэ зыфIэт.
♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
♦ЖьэрыIэзэ Iэпэзадэ.
♦ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.
♦Iуэхуншэ псэлъэрейщ.
♦Зи Iуэ былым из нэхърэ - зи щхьэ акъыл ит.
♦Ибэр бэшэчщ.
♦Изрэ някъуэрэ зэрыщIэркъым.
♦Дунейр къэкIухьи, уи унэ ихьэж.
♦Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь.
♦Зауэм хэту джатэ хьэху яткъым.
♦Уи адэ и щIыпIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.
♦Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ.
♦Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### Нартыху зэтеуда хьэнтхъупс

Мы хьэнтхъупсыр ягъэхьэзыр япэ лIэужьыгъуэм ещхьу, ауэ мы хьэнтхъупсым бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын хаудэри, шыуанищхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. Фалъэ куум иту, пщтыру Iэнэм трагъэувэ. Шатэпс е шатэ халъхьэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
Нартыху зэтеудауэ - г 50
Псыуэ - г 400
Шэ щIэмыхуу - г 300
Шатэу е шатэпсу - г 40
Шыгъуу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.
Шыбжиитхъум:
Тхъууэ - г 20
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 20
Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

### Хьэ бжьын уба, шыгъурэ шыбжий сыр плъыжь хьэжарэ хэлъу

Мыр бжьыныху лIэужьыгъуэщ. Губгъуэхэм, мэз лъабжьэхэм къыщокI. Сыт хуэдэ шхыныгъуэми хэплъхьэ хъунущ, псом хуэмыдэу лыхэкI, гъэшхэкI шхыныгъуэхэм. Бжьыхьэм гъэтIылъыгъэ ящI. Абы щхьэкIэ щIы бжьыныхур яукъэбз, ятхьэщI, цIыкIу-цIыкIуурэ зэхаупщIатэри шыгъу, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри убалъэкIэ яуб. Апхуэдэу ягъэхьэзыра щIы бжьыныхур из хъуху абдж е кхъуэщын хьэкъущыкъум ираубэ, и щхьэр ягъэбыдэжри, щIыIапIэ-кIыфIыпIэм щаIыгъщ. Щыхуейм деж зыхуейм хуэдиз къыхахри къагъэсэбэп.

***Халъхьэхэр:***
ЩIы бжьыныху укъэбзауэ - г 1000
Шыгъуу - г 1500-рэ
Шыбжий сыр хьэжауэ - г 10

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Хъыбар кIэщI

## ЩIыхуэ

УлIэнуми, Данил ахъшэ щIыхуэ къуитынутэкъым, езыми пIихынутэкъым. Абы щымыгъуазэ гуэр ахъшэ щIыхуэ щхьэкIэ Данил елъэIуащ.

- Уэлэхьэ, тIу, - жиIащ Данил, - сэ ахъшэ гъэтIылъа тIэкIуи сиIэмэ... ахъшэри унэм щIэлъмэ... хьэзырыбзэу пхъуантэм дэлъмэ... пхъуантэм и IункIыбзэри си жыпым илъмэ... ауэ уи жагъуэ умыщI: уэстыфынукъым. Си IэкIэ щIыхуэ стыуэ си лъакъуэкIэ къыщIыкIэлъыскIухьыжынур сыт?

**ДУДАР Хьэутий.**

# Хатшепсут - япэ фирхьэун цIыхубз

● Фэ фщIэрэ?



**Хатшепсут ди эрэм и пэкIэ 1504 - 1482 гъэхэм Мысырым щыпсэуа, пащтыхьыгъуэр илъэс куэдкIэ зезыхьа бзылъхугъэщ. Къыхэгъэщыпхъэщи, Хатшепсут и пащтыхьыгъуэм Мысырым хуабжьу зригъэужьащ, ухуэныгъэ телъыджэхэр иригъэщIащ, зауэшхуэ зыбжанэм щытекIуащ. Дунейпсо тхыдэм къыхэщыж фирхьэун лъэщхэу Тутмос III, Эхнатон, Тутанхамон, Рамзес II, пащтыхь гуащэ Клеопатрэ сымэ хуэдэу, политик лъэрызехьэу щытауэ жаIэ.**

ЯЗЫНЫКЪУЭ тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, Тутмос I фирхьэунымрэ Яхмес пащтыхь гуащэмрэ япхъущ. Ауэ, хеттологхэм зэрыжаIэмкIэ, Хатшепсут лъэпкъкIэ адыгэхэр къызытехъукIыжа хьэтхэм ящыщт, и цIэ дыдэри Уд Хъыджэбзщ (Удым акъыл жан, Iущ, куэдым хэзыщIыкI къикIыу). Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ пасэрей мысырыбзэкIэ Хатшепсут жиIэмэ, «псоми ефIэкI бзылъхугъэ» къызэрикIри.

Хатшепсут зы шыпхъурэ (Нефрубити) дэлъхуищрэ (Уаджмос, Тутмос II, Аменмос) иIащ. Уаджмосрэ Аменмосрэ сабий цIынэу дунейм ехыжат. А зэманым пащтыхьыгъуэм тетхэм я лъыр къабзэу къэнэжын папщIэ, зэдэлъхузэшыпхъухэр, зэадэзэпхъухэр зэрышэжу хабзэти, Тутмос I фирхьэуныр дунейм ехыжа нэужь, Хатшепсут дэкIуэжащ пащтыхьыгъуэр къызылъыса и дэлъху Тутмос ЕтIуанэм. Тутмос II цIыху гущIэгъуншэт, ауэ гуащIэмащIэти, ищIэри мыхъуу илъэсиплIкIэ (языныкъуэ тхыдэтххэм зэрыжаIэмкIэ, илъэс пщыкIуплIкIэ) и къулыкъум тетауэ аращ. Хатшепсут ерыщт, бзаджэт, акъылыфIэти, псынщIэу бжьыпэр иубыдащ и щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужь. Хабзэм утетмэ, пащтыхьыгъуэр къызылъысыр Тутмос II и щIасэ Исидэ къыхуилъхуа Тутмос III щIалэщIэрат. Ауэ, пащтыхьылъ къабзэ зыщIэт бзылъхугъэ Iущым ар иригъэкIуэтэкIащ.

Хатшепсут фирхьэун хъуа нэужь къэралыгъуэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхилъхьащ. Псом япэ дзэзешэ лъэрызехьэхэмрэ политик Iущхэмрэ и чэнджэщэгъу ищIащ.

Хатшепсут пыIэ лъагэ щхьэрыгъыу, жьакIэ IэрыщI тету, и IэпкълъэпкъымкIэ зэрыбзылъхугъэр къапщIэу, ауэ цIыхухъу фащэ щыгъыу къагъэлъагъуэу зэрыщытар мывэ сурэтхэм къыхощыж. Ар цIыхубз дахэт икIи гуакIуэт, ауэ хьэлкIэ зэрыцIыху ткIийм, лъэрызехьэм къыхэкIыу цIыхухъуцIэхэр къызэрыфIащымрэ псэущхьэ Iэлхэм зэрырагъапщэмрэ фIэфIтэкъым. Арами, фирхьэун цIэ лъапIэр зезыхьэну хуитыр цIыхухъурати, «япэ фирхьэун цIыхубз» цIэр зыфIищыжауэ Хатшепсут зэIущIэхэм, дауэдапщэхэм, зэхуэсхэм цIыхухъу фащэ щыгъыу яхыхьэрт.

Мысырым и тхыдэм Хатшепсут къызэрыхэщыжыр ухуакIуэущ. Сыту жыпIэмэ, Хатшепсут и тетыгъуэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ хуэдэ зы фирхьэуни хузэфIэкIакъым. Иухуэм и закъуэ мыхъуу, зауэ гъунэншэхэм зэхакъута фэеплъхэри къызэригъэпэщыжырт. Хатшепсут и цIэр зытедза ухуэныгъэ зэхуэмыдэхэр Мемфис, Абидос, Армантэ, Ком-Омбэ, Эль-Кабэ, Гермополе, Кусэ, Хебену къалэхэм къыщагъуэтыжащ.

Фирхьэун цIыхубзым и тетыгъуэм Мысырым и экономикэми хуабжьу зиужьащ. Илъэс 22-кIэ къэралыгъуэшхуэм и Iуэхухэр зэригъэкIуащ абы. Пасэрей тхыдэтххэм зэратхыжамкIэ, Хатшепсут мамырыгъэм и телъхьэти, зэи зауэ хыхьэтэкъым. Дауи, дзэзешэхэр абыкIэ арэзытэкъым. Ауэ, иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, езы Хатшепсут дзэзешэу, гъуазэу, пашэу яхэту зауэшхуэ бжыгъэншэхэр иригъэкIуэкIащ, дэнэкIи текIуэныгъэ къыщихьу.

Хатшепсут и кIуэдыжыкIэ хъуам и пэжыпIэр куэдрэ зыми ищIакъым. Языныкъуэ тхыдэтххэм зэрыжаIэмкIэ, Хатшепсут яукIауэ аращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и ныбжьыр хэкIуэтатэкъым, и ажалкIэ дунейм ехыжащ хужыпIэну. Ягъэкъуаншэр Тутмос III. И анэнэпIэсым тепщэгъуэр къызэрытрихам иригубжьу, иригъэукIауэ, къыщIэна фэеплъ ухуэныгъэхэри зэтрикъутэжауэ хуагъэфащэрт. Ауэ 2007 гъэм Хатшепсут и хьэдэр анализ щащIам къигъэлъэгъуащ фирхьэун цIыхубзыр абы къефыкIа уз зэмылIэужьыгъуэхэм яхыжауэ. Абы и къупщхьэхэми тхьэмщIыгъуми лышхыр ялъэIэсат, фошыгъу узри пкърытат, и къупщхьэхэм кальций хурикъуртэкъым, и зэрытыпIэхэр бэгат, и дзэхэр щIагъуэтэкъым, езыри цIыхубзышхуэти, и лъэм къыхуемыхьэкIыжу иужьрей зэманхэм пIэрыхэнэу щытауэ къахутащ. ЩIэныгъэлIхэм 2011 гъэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ и къупщхьэ узыр зыщхьэщихын и гугъэу Хатшепсут зыщихуа хущхъуэхэм ящыщ гуэрым бензопирен жыхуаIэ щхъухьыр хэлъауэ, абы цIыху зэриукIыр зымыщIа бзылъхугъэм и зэран и щхьэм екIыжауэ жаIэ.



Хатшепсут и кхъэлэгъунэр здэщыIэр ямыщIэу зэман куэдкIэ къекIуэкIащ. ЩIыпIитIым хуагъэфащэрти, тIуми фирхьэуным и хьэдэр щIэмылъу къыщIэкIащ. Ауэрэ, 2006 гъэм, египтолог Хауасс Захи жиIащ Хатшепсут и хьэдэр Мысыр музейм илъэс куэд щIауэ зэрыщIэлъыр. КъызэрыщIэкIымкIэ, 1906 гъэм къагъуэта KV60 кхъэлэгъунэ цIыкIум щIэлъа хьэдэр зейр Хатшепсутт, армыхъумэ алъандэрэ зытращIыхьа Сат-Ра цIыхубзыратэкъым. 2007 гъэм ирагъэкIуэкIа ДНК анализыр щыхьэт техъуащ фирхьэун цIыхубзым и хьэдэр къызэрагъуэтам. Хатшепсут къыщIэна пхъуантэ цIыкIум дэлъа дзэмкIэ къащIащ ар.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Щхьэцыр гъэдэхэн зэрыхуейр

● ФщIэн папщIэ

***Бзылъхугъэхэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуащIу щытащ щхьэцым и теплъэм, и зэщIэкъуэкIэм. Философхэм ящыщ гуэрым жиIэгъауэ щытащ цIыхубзыр зыгъэдахэр и щхьэцыр зэрызэщIэкъуа щIыкIэр арауэ. АрагъэнкIи мэхъу. Ауэ, къыхэгъэщыпхъэщ щхьэцым сыт щыгъуи укIэлъыплъын зэрыхуейр.***

### ЦIыхухъухэм къагупсысащ

ЦIыхубзхэм я щхьэцхэмкIэ загъэдахэу щытащ ди эрэм и пэкIи. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэм къыхэна сурэтхэр.

ЛIэщIыгъуэ къэс цIыхухэм я дуней еплъыкIэм, я хъуэпсапIэхэм елъытауэ зихъуэжу къогъуэгурыкIуэ цIыхубзым и щхьэцым и теплъэри. Ар зэрызэщIакъуэ, зэражь щIыкIэм зихъуэжырт, цIыхубзхэм я дуней еплъыкIэм, яIыгъ диным, зытет модэм елъытауэ.

Щхьэцым гулъытэ хуэзыщIу щытар бзылъхугъэхэм я закъуэу къэзылъытэхэр щоуэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, щхьэцыр дахэу жьыныр, теплъэ зэмыщхь етыныр къэзыгупсысар цIыхухъухэращ. Нэхъапэхэм цIыхубзхэм загъэдэхэну, нэгъуэщIхэм зыкъыхагъэщыну, гу зылърагъэтэну къезэгъыртэкъым. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр унагъуэр зэрахьэнырт, сабийхэр ягъэсэнырт.

Щхьэцым кIэлъыплъыным ехьэлIауэ лъэпкъ къэс езыхэм я хабзэ яIэж хъуащ. Нэхъ пасэм щхьэц кIыхь, Iув птелъыныр яфIэдахэу щытащ. Апхуэдэ щхьэц зытелъын хуейуэ къалъытэри цIыхухъухэрат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр нэхъ хахуэу, лIыгъэ нэхъ яхэлъу къалъытэрт. Бзылъхугъэхэри щхьэц Iувым, кIыхьым игъэдахэу ялъытэрти, щхьэцыр пIащIэмэ, парик зытралъхьэныр къызэрыгуэкIыу ябжу щытащ.

Парикыр къэзыгупсысар африканхэрауэ хуагъэфащэ. Ар ящIын папщIэ псэущхьэхэм-яцхэмрэ удзхэм я жэпкъымрэ къагъэсэбэпырт. Пасэрей мысырхэм я парикхэр я теплъэкIи къызыхэщIыкIакIи адрейхэм къащхьэщыкIырт. Ар кIапсэ ухуэнамрэ лотосым и пкъымрэ къыхахыу арат.

### Куэд къыбжиIэрт

Щхьэцым и зэщIэкъуэкIэмкIэ, и кIыхьагъымкIэ пхузэхэгъэкIырт цIыхур зыщыщ лIакъуэр. Псалъэм папщIэ, пащтыхьхэм, пащтыхь гуащэхэм я щхьэцхэр лъагэу яIэтырт, унэIутхэм, мэкъумэшыщIэхэм, зауэлIхэм я щхьэцхэр къызэрыгуэкIыу жьа къудейуэ арат.

Ину къэIэтауэ щхьэцыр зэщIэзыкъуэр мысырхэм я закъуэтэкъым, атIэ ассирийцхэри персхэри ерыщт абыкIэ.

Пасэрей Алыджым щыпсэуахэм я щхьэцыр зэращI щIыкIэр ящыгъ кIэстумхэр зэрызэтедзам ещхьт. Апхуэдэу, щхьэцыр ягъэщIэрэщIэн щхьэкIэ, абы хуагъэса унэIутхэри яIэт. Алыдж бзылъхугъэхэм я щхьэцхэм лентI зэмыфэгъухэр халъхьэурэ къаIэтырти, ар нэхъ дахэжу ягъэщIэрэщIэжырт.

А лъэхъэнэм щхьэц хужьыфэхэрат модэм нэхъ къезэгъри, зи щхьэц фIыцIэхэми сырыхуу ираIэрт. Плъыфэм и закъуэтэкъым гулъытэ зыхуащIыр, атIэ Iэмал зэмыщхьхэр къагъэсэбэпурэ хъыджэбзхэм я щхьэцхэр ягъэутIэрэзырт. Ар нэхъыбэрэ иIыгъын папщIэ сеткэ цIыкIу фIалъхьэрт.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

# Ар сыт зыгъэпсэхукIэ?

● Сабийхэм жаIэ

И анэр лэжьакIуэ кIуатэкъыми, Линэ щIоупщIэ:

- Мамэ, уэ нобэ удэсыну?
- НтIэ, си хъыджэбз цIыкIу. Нобэ зыгъэпсэхугъуэ махуэщи, зызогъэпсэху.
- Зыбгъэпсэхууи?
- НтIэ.
- Нобэрей махуэм уетIысэхакъым: уожьыщIэ, уопщафIэ, уодыжэ. Ар зыгъэпсэхугъуэ махуэ?..

**ТАТУ Аслъэн.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. ИIэгъэ плъыжьыфэ къызыщIэж, нэхъ пасэм цIыхубзхэм я Iэбжьанэр зэралэу, мэлыц хужьыр зэрыраIэу щыта удз. **5**. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къыкъуэуурэ къепщэ жьы. **8**. Уафэ лъащIэм къыщызыджэдыхь «бжьэхуц» гуартэ. **10**. Сэхуран зыщэхэм яшыхь тхылъымпIэ. **11**. Палестинэм и Iэташхьэу, Брежневым деж къэкIуэрейуэ щыта ... Арафат. **12**. Муслъымэн диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **13**. Адакъэщ Iэрэ ... пIастэрэ. **15**. Мэш хьэуазэ. **17**. ... щIыкIэ къыумыгъэшмэ, бжэгъу хъуа иужь упэлъэщыжыркъым. **18**. Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **19**. Пщыхьэщхьэхуегъэзэк I хъуащ, ... зэхэуэгъуэр къэсащ. **21**. Джатэ и ... нанэ щыIэкъым. **24**. Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр ... **25**. Мэзым ягъэкIуа щIалэ IэмыкIуэлъэмыкIуэм къишауэ хъуар бжэгъу ... защIэщ. **26**. «Щихухэр иджыри ...» - Къэрмокъуэ Мухьэмэд цIэрыIуэ зыщIа повесть. **29**. Япэ классым кIуэ ди гъунэгъу щIалэ цIыкIур къабзэу матхэ, ... дахэ дыдэ иIэщ. **30**. ЩоджэнцыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и бзылъхугъэ джэгуакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. **32**. ... щытхъуи, щIэр къащтэ. **33**. Школым IэхъуэгъуэтегъэкIыу щеджэм ар хуагъэув хабзэщ. **34**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ...» **36**. Езыр мылъэтэфми, Iэзэу бадзэ къеубыд. **37**. Пивэ къызыхащIыкI гъавэ къэкIыгъэ. **40**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **41**. Егъэлеяуэ къэгубжь, гущIэгъуншэ, пхъашэ. **42**. Ефэндыхэм щатIагъэу щыта щыгъын щIыIутелъ. **43**. Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхубз. **44**. Бэрбэч ХьэтIуртIэ и ужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта.

***Къехыу:*** **1**. Адыгэ тхакIуэ Къашыргъэ ... **2**. Адыгэ лъэпкъ. **4**. АдыгэлI псоми нэхъапэм зэрахьэу щыта Iэщэ. **6**. Гуэдз пыупщIа, ямыIуэжауэ. **7**. Къалмыкъ БетIал и мурадащ а къалэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр ищIыну. **9**. Бажэ, дыгъужь шыр хуэдэхэр зи шхыныгъуэм хэт къуалэбзу пIащэ. **14**. КIапсэ къызыхах къэкIыгъэ. **16**. ЩIалэщIэм ... гулъэ мэзым кърищащ. **20**. ЕплIанэ нэмэз щIыгъуэ. **22**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ. **23**. Пхъэ уадэшхуэ. **27**. Жыг, и пхъафэр щхъуантIэхужьыфэу. ПсэуалъапхъиI къыхах, мафIэдз щащI IэнатIэхэм къыщагъэсэбэп. **28**. Абы и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытекIэу жеIэ псалъэжьым. **30**. ЛIыжьым чэнджэщ ирет дзэ къулыкъум дэкI и къуэрылъхум: «ЛIы хуэдэлIу зыкъэлъагъуэ, ... жегъэIэ». **31**. ДжэдыкIэ ... **35**. Къамыл нэхъ теплъэншэхэм къыхащIыкI алэрыбгъу. **36**. Хьэсэхэм зэран щыхъу удзыжь. Убэлэрыгъамэ, зыкъыпкIэрищIэнущ. **38**. БукIамэ, игъэува уасэм пхутекIынукъым. **39**. Мэкъумэшыщ Iэхэм я гъавэ щIапIэ, къуажэм пыIудзауэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***ЩIышылэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Къуныжь. **3**. Лэгъуп. **5**. Егъу. **6**. Яе. **7**. Щай. **8**. Гъуэз. **10**. Гуэгуш. **12**. Мазэ. **14**. Уд. **15**. Къуэ. **17**. Дзы. **18**. КIэ. **19**. Къущ. **21**. Гуу. **24**. Мыщэ. **25**. Сэро. **28**. Жьым. **29**. Бжэн. **32**. БаIуэ. **34**. Тыхъ. **35**. Къузгъун. **37**. Пагэ. **38**. Емынэ. **39**. Нэжэс.

***Къехыу:*** **1**. Къулей. **2**. Жьэмей. **3**. Лэрыгъу. **4**. Псей. **7**. Щхьэ. **9**. Зэз. **11**. Шыд. **12**. Мэкъу. **13**. Гудзэ. **16**. Хьэм. **20**. Щхьэдыкъ. **21**. Гупсыси. **22**. Нысэ. **23**. Ерыщ. **26**. Бжьакъуэ. **27**. Ахърэт. **30**. Жэмыш. **31**. Напэ. **32**. Бжьын. **33**. Iужажэ. **36**. Ней. **37**. Псы.

# Дахагъэр уахътыншэкъым

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

♦**Хэкум и Iугъуэри гурыхьщ.**
♦**Уэ жыпIэ псалъэм хуэдэщ жэуапу зэхэпхынури.**
♦**ХамэщI ущыгъуэщэн нэхърэ нэхъ Iей щыIэкъым.**
♦**Бзылъхугъэр зыгъэдахэр и щэхуагъырщ.**
♦**ЖыпIэн хуеи жыпIэ мыхъуни щыIэщ.**
♦**Дахагъэр уахътыншэкъым.**
♦**ЗэфIэбгъэкIа Iуэхур гугъэпсэхущ.**
♦**Сытми и зэман иIэжщ: упсэлъэнуми зэман хэха иIэщ, зыбгъэпсэхунуми и сыхьэт бжыгъэ иIэжщ.**

***Мы псалъэ Iущхэр зейр пасэрей алыдж усакIуэ цIэрыIуэ, «Одиссея», «Илиада» поэмэхэр зытха Гомерщ.***

АР ЩЫПСЭУА лъэхъэнэр ямыгъэбелджылыфу нобэр къыздэсым щIэныгъэлIхэр иризодауэ. Нэхъ пасэм къэхутакIуэхэр пIалъэ зыбжанэм къытеувыIауэ щытащ: ди эрэм и пэкIэ XII лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ VII лIэщIыгъуэм нэс.

Гомер и творчествэм и пэщIэдзэр зытехуэр ди эрэм и пэкIэ 907 гъэрауэ хуагъэфащэ. Ауэ, дауэ щымытми, ди эрэм и пэкIэ VII лIэщIыгъуэм античнэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм Гомер и псэлъафэхэр къыщагъэлъагъуэ, абы и тхыгъэхэм щыщ Iыхьэхэр къыщагъэсэбэп.

Нэхъ пасэм щыIа биографхэм къалъытэрт Гомер Азие ЦIыкIум щыIэ Ионий псы Iуфэм къыщалъхуауэ. Абы щыхьэт тохъуэ усакIуэм и поэмэхэр ионий диалекткIэ зэрытхар. Алыдж эпиграммэхэм ятепщIыхьмэ, усакIуэм и хэкуу къалъытэну хуейуэ къалибл зодауэ: Смирнэ, Хиос, Колофон, Пилос, Аргос, Итакэ, Афиннхэр.

Гомерыр алыджыцIэкъым. Азие ЦIыкIум и бзэкIэ абы «нэф» къокI, пасэрей алыджыбзэкIэ зэпхъуэкIмэ, «гъэр» жиIэу аращ.

Биографиехэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Гомер нэф хъуа нэужьщ поэмэхэр тхыным яужь щихьар. Гомер Алыджым и щIыпIэ куэдым къыщыщIидзащ, усакIуэхэм я зэпеуэ куэдым хэтащ. Хъыбархэм къызэрыхэщыжымкIэ, ар и IэдакъэщIэкIхэмкIэ алыдж усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ Гесиод пеуащ. ЩIэныгъэлI нэхъыбэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, «Одиссея», «Илиада» поэмэхэр усакIуэм щитхар Ионерщ (Азие ЦIыкIу), ди эрэм и пэкIэ VIII лIэщIыгъуэрщ. Поэмэхэм лъабжьэ яхуэхъуар Троян зауэм теухуа IуэрыIуатэрщ.

Нэхъ пасэм Гомер итхауэ къалъытэу щытар «Одиссея», «Илиада» поэмэхэм я закъуэкъым, атIэ нэгъуэщI усыгъэ зыбжани и Iэдакъэ къыщIэкIауэ хуагъэфащэ.

Ди деж къызэрысамкIэ, Гомер Иос хытIыгум щылIащ.

**ШЫПШ Даянэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ТекIужь Заретэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №73